# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRININ̆ BUYRÍǴI

**Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministriniń 2021-jıl 4-oktyabrdegi "Ayırım pánler tereń oqıtılatuǵın qánigelestirilgen ulıwma bilim beriw mákemeleri jumısların talqılaw, tiykarǵı pán olimpiadasınıń II rayon (qala)lıq basqıshın hám shet tili tańlawın shólkemlestiriw haqqında"ǵı 319-sanlı buyrıǵı haqqında**

Ózbekstan Respublikası Prezidenti basshılıǵında 2021-jıl 10-sentyabr kúni keńeyttirilgen tárizde ótkerilgen videoselektor majilis bayanlamasında (02-PA 1-15088-son, 20.09.2021-j.) belgilengen wazıypalardıń orınlanıwın tamiyinlew, matematika, ximiya-biologiya, fizika, informatika hám xabar texnologiyaları hamde shet tillerin oqıtıwdı túpten rawajlandırıw, bilimlendiriw mákemeleri jumısların talqılaw hám anıqlanǵan kemshiliklerdi saplastırıwda ámeliy járdem beriw, sonday-aq, Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń "Qábiletli oqıwshılar arasında tiykarǵı pán olimpiadaların ótkeriw sistemasın jetilistiriw hámde shet tillerdi oqıtıw boyınsha eń jaqsı mektepti anıqlaw sistemasın engiziw haqqında" 2021-jıl 9-sentyabrdegi 562-sanlı qararınıń orınlanıwın támiyinlew maqsetinde **buyıraman:**

1. Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministriniń 2021-jıl 4-oktyabrdegi "Ayırım pánler tereń oqıtılatuǵın qánigelestirilgen ulıwma bilim beriw mákemeleri jumısların talqılaw, tiykarǵı pán olimpiadasınıń II rayon (qala)lıq basqıshın hám shet tili tańlawın shólkemlestiriw haqqında"ǵı 319-sanlı buyrıǵı basshılıqqa alınsın hám orınlanıwı támiyinlensin.

2. Joqarıdaǵı buyrıq penen:

Xalıq bilimlendiriw tarawındaǵı ayırım pánler tereń oqıtılatuǵın qánigelestirilgen tayanısh mektepler hám olardıń jumısların talqılaw, pán olimpiadasınıń II (rayon, qalalıq) basqıshın hám shet tillerdi oqıtıw boyınsha eń jaqsı mektepti anıqlaw tańlawın shólkemlestiriwde olarǵa ámeliy járdem beriw, oqıw-seminarlar shólkemlestiriw maqsetinde Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrliginiń juwapker xızmetkerleri 1-qosımshaǵa;

qánegelestirilgen tayanısh mektepler ham qánegelestirilgen mekteplerdiń jumısların úyreniw boyınsha sorawnama 2-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlanǵanlıǵı maǵlıwmat ushın qabıl etilsin.

3. Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrliginiń 2021-jıl 4-oktyabrdegi 02-02/5-2624-sanlı xatı tiykarında 9-10-11-klass oqıwshıları arasında ulıwma orta bilim beriw pánleri boyınsha pánler olimpiadasınıń II basqıshı 2021-jıldıń 11-18-oktyabr kúnleri belgilengen pánlerden barlıq rayon (qala)larda ótkeriletuǵınlıǵı belgilep qoyılsın.

4. Respublikalıq bilimlendiriw orayı (direktor Q.Jubanov)na:

úsh kún múddette pán olimpiadasın ótkeriw boyınsha buyrıq hám ótkeriw tártibin barlıq bilimlendiriw mákemelerine jetkeriw;

ulıwma orta bilim beriw mektepleri oqıwshılarınıń pánler olimpiadasınıń II basqıshın ádalatlı hám shólkemleskenlik penen ótkeriwge Oray xızmetkerlerin bekitiw wazıypası júkletilsin.

**5.** Barlıq rayon (qala)lıq xalıq bilimlendiriw bólimleri baslıqları, Respublikalıq boysınıwdaǵı mektep hámde mektep-internat direktorlarına:

eki kún múddet ishinde tiykarǵı pán olimpiadasınıń II basqıshın shólkemleskenlik penen ótkeriw, tártip hám karantin qaǵıydaların saqlaw, oqıwshılardıń kelip ketiwi ushın qolaylı

bolǵan hám de jeterli materiallıq-texnikalıq bazaǵa iye mekteplerde ótkeriwdiń barlıq ilajların kóriw;

pánler olimpiadası ótkeriletuǵın orınlardı úgit-násiyatlawshı shaqırıqlar menen bezew, qatnasıwshılardıń awqatlanıwı, mádeniy dem alıwı ushın barlıq qolaylı sharayatlardı jaratıw;

tóreshiler quramı aǵzaların ádalatlılıq principlerin saqlay alatuǵın, joqarı kásiplik tayarlıqqa, óz pánin jaqsı meńgergen, jeterli is-tájiriybege iye, úzliksiz eki jıldan artıq múddetke pán olimpiadasında tóreshiler quramına kirmegen pedagoglar arasınan tańlaw;

pánler olimpiadası ótkeriletuǵın orınlarda tártip-intizamdı saqlaw boyınsha náwbetshiler kestesin islep shıǵıw hám tastıyıqlaw;

pánler olimpiadası ótkeriletuǵın klass jayların nomerlew hám jaylasıw ornına qaray baǵdarlawshı belgilerdi hár bir qabatqa ildirip qoyıw jumısların alıp barıw;

ekinshi basqısh nátiyjeleri haqqındaǵı maǵlıwmatlardı pánler hám klasslar kesiminde Xalıq bilimlendiriw ministrliginiń oo.uzedu.uz maǵlıwmatlar bazasına kiritiw;

oqıwshılardıń kelip ketiwinde jol háreketi qádelerin saqlaw, awqatlandırıw, órt qáwipsizliginiń aldın alıw, den-sawlıǵın saqlaw, elektr energiyasınıń úzliksiz islewin támiyinlew boyınsha tiyisli orınlardı xat arqalı xabarlandırıw, pán Olimpiadasınıń belgilengen Reje tiykarında ótkeriliwine rayon (qala)lıq xalıq bilimlendiriw bólimleri baslıqlarınıń tikkeley juwapker ekenligi usı buyrıq arqalı qatań eskertiledi.

**6.** Ministrliktiń málimleme xızmet (T.Dauletmuratov)ne:

Qarardıń orınlanıw barısı, sonday-aq, tiykarǵı hám xalıqaralıq pán olimpiadalarınıń hár bir basqıshınıń ótkeriliw barısı boyınsha keń túrde ǵalaba xabar quralları arqalı járiyalap barıw usınıs etilsin

**7.** Usı buyrıqtıń orınlanıwın qadaǵalawdı ministr orınbasarı w.w.a. Q.Bekbawlievqa júklensin.

**Ministr** **R.Reimov**

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTIRLIGI * QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI *

Nókis qalası,
2021-jıl 06 - октября
219 -sanlı